Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



№ 47 (6627) 19 ноябрь 2018 с. Итни РабигIул аввал 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 21 ноябрь - Налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо

**ХIурматиял Россиялъул ФНСалъул районазда гьоркьосеб № 12 Гумбет районалда бугеб участокалъул хIалтIухъаби!**

Пачалихъалъул социалияб экономикияб цебетIей цIикIкIараб къадаралда бараб буго налогал ракIариялъул иш дуруслъизе ва камиллъизе гьабиялда. Налогазул хъулухъ нилъер улкаялда гIуцIана 1991 соналъул 21 ноябралда. Жидерго профессионалияб байрамалде районалъул налоговиял хIалтIухъабиги рачIунел руго налогал ракIариялъул рахъалъ лъикIал хIасилалги росулаго.

РакI-ракIалъ баркула налоговиял хIалтIухъабазда тIаде щолеб бугеб гьезул махщалилаб байрам - РФялъул налоговиял органазул хIалтIухъабазул къо. Гьарула сахлъи, талихI-рохел ва хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Сахлъи цIуни, тIабигIияб газ бачин, лъим чIезаби...

### Лъималазул диспансеризация гьабиялъул суалалъул халгьабуна Бакълъулазул районалда

**12 ноябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана данделъи, гьенир гьоркьор лъуна лъималазул диспансеризация гьабиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзаби, гIуцIабазул ва учреждениязул нухмалъулел.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас баян гьабуна социалияб рахъалъ бугеб хIал. «Пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян араб анкьалъ 131 чи вачIана, 119 гIарза тIубана, цогидал тIуралел руго. Филиалалъул хъулухъалде хIажалъи ккун рачIунезул къадар цIикIкIунеб буго», - ян абуна ГIумар МухIамадовас.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас бицана сахлъи цIуниялда бугеб хIалалъул. «Гумбеталъул ЦРБялъул медицинаялъул хIалтIухъабаз лъугIизабуна гриппалда дандечIараб вакцинация гьабиялъул хIалтIи. Гьеб унтуда дандечIеялъе 2800 дозаялдаса пайда босана. Араб анкьалъ централияб больницаялъул медицинаялъул хIалтIухъабазул къокъа Игьали росулъе ана халгьаби тIобитIизе. Игьали гьоркьохъеб школалда ва ясли-ахалда лъималазул диспансеризация гьабуна. Гьединго нижеца 7-ялдаса 14-ялде щвезегIан соnал ругел лъималазда туберкулез бугищан халгьабулеб буго», - ян бицана МухIамад СайгидахIмадовас.



Бакълъулазул районалъул гIолилазул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна «Мун – предприниматель» программаялда лъайкьеялъул курсазда, МахIачхъалаялда «Россия – дир тарихъ» музеялда тIобитIана ДГМУялъул студентазулгун дандчIвай. Гьелда ва гIолилазул политика гIумруялде бахъинабиялъул бугеб хIалалда тIадчIей гьабуна Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана районалъул централда лъим бачарал рогIразе ремонт гьабулеб бугин, къватIал ва сверухълъи рацIцIад гьаризе субботникал тIоритIанин.

«500-ялдаса цIикIкIун гектаралда хаслихъе культураби рекьана. СПКяз ва цогидалги росдал магIишаталъул предприятияз налогал рецIиялъе ва ижараялъул гIарац бакIариялъе хIалтIи гьабулеб буго», - ян абуна районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

«Бакълъулазул районалъул росабалъ унел руго футбол хIалел гьитIинал байдаби рагьиялъе гьарулев хIалтIаби, гьединал байдабазул къадар анцIгоялде бахинабизе рес буго. Араб анкьалъ ЧIиркьатIа ДЮСШялъул Игьали росулъ ругел спортивиял секциязул хIалтIул халгьабуна. Эркенаб гугариялъул ва торгIо хIаялъул группабазул цIалулгун ругьун гьариялъул хIалтIудаса разиго хутIана. Хадубккунги спорт школалъул цогидал секциязДаги халгьабиял тIоритIизе руго», - ян бихьизабуна муниципалитеталъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Муниципалитеталъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана МелъелтIа гьоркьохъеб, Лъанлъари байбихьул школазда, цогидалги лъайкьеялъул учреждениязда бугеб хIалалъул, республикаялъулаб «Нусго школа» программа ва цогидалги проектал кин тIуразарулел ругелали.

Районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаевас кIвар буссинабуна «Безналичный Дагестан» проект гIумруялде бахъинабиялъул бугеб хIалалде ва цогидалги кIвар бугел суалазде.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас тIадчIей гьабуна экстремизмалъул ва терроризмалъул идеология къватIиб чIвазабиялде буссинабун гьабулеб бугеб хIалтIуда.

Росабалъе газ бачиналъул программа тIубазабиялъул бугеб хIалалъул бицана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас. Районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас бицана муниципалиял хъулухъчагIазул ва цогидалги управленцазул хIаракатчилъиялъул цIияб положениязул хIакъалъулъ.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас киналго ахIана 2018 сон церетIеялгун, тIадегIанал хIасилалги росулаго нухда регIизе, рихьизаруна хехго церечIарал масъалаби тIураялъе нухал ва ахиралда дандрекъон кколел тIадкъаялги кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Авар гIурухъа – Волга гIурухъе**

-2 гьум.



**Асият ГIумарахъаева: «ГIакIа къотIизе течIого, гIужда кьезе ккола налогал»**

-3 гьум.



**Сиял, кьоял, лъарал, музеял…**

- 3 гьум.




**«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих**

-4 гьум.

ДУНЯЛАЛДЕ РАГЬАРАБ ГОРДО

# Авар гIурухъа – Волга гIурухъе

## Турулел цIулал росаби ва цIияб стадионал

**Боржунеб жоялда сапар бухьани, нилъ тIасан арал ракьазда бугеб гIумру нильеда бихьуларо. ТIадгьаваялдасан, космосалдасан гIадин, рихьула гIорал, хурзал, заводал, шагьарал ва росаби ральдал гьумералдаса къоазарго натIалъ эхедегIан боржунеб самолеталъул гордухъан. Амма ракьалдасан сапар гьабурав чиясда гIадамазул яшав ва гьелъул даража цебе рехун бихьула. Россиялъул бакъуллъиялда, Поволжье абулеб бакIалда, Гъоркьияб Новгород тахшагьарги бугеб Нижегородалъулаб областалда, икълималда руго ресалда ругелги ресукъалги, гьанжесел чIухIарал кIалгIабиги, къулярал, турарал цIулал минабиги.**



2018 соналъул 3-5 ноябралда Россиялъул Гъоркьияб Новгород шагьаралда ва гьезул областалда тIобитIана Россиялъул халкъазул миллияб литературабазул фестиваль. Гьал мухъазул авторги гIахьаллъана гьенив. ТIоцеве щвана гьеб мухъ-рахъалде. Дунялалъул адабияталда жаниб кIудияб лъалкI тарав Александр Пушкинил анкъумумузулго букIараб КIудияб Болдино абураб росулъги рещтIен гьабуна. Гьел сапаразда рижарал мухъал ва пикраби газета цIалулезулгун гIахьал гьарилин ракIалде ккана.

### ТIоцебесеб къо. МахIачхъала – Москва – Гъоркьияб Новгород

Дагъистаналъул тахшагьаралъул Амет-Хан Султанил цIар лъураб халкъазда гьоркьосеб аэропорталдаса цин Москваялъул Внуково аэропорталде ржана нилъер республикаялъул вакилзаби. Гьениса Гъоркьияб Новгородалдеги бухьана гьаваялъулаб сапар. Гьаниса Москвалде кIиго сагIатгин 20 минут балеб батани, Москваялда Гъоркьияб Новгородалде сагIат бана рорженалда. Гъоркьияб Новгородалъул Стригино аэропорталдаса Советская къотIноб бугеб Marins Park Hotel абураб гьоболлъул минаялде гьокочияс 600 гъурущ босана.

Гьеб отель бугоан советияб заманалдаго бараб, амма исана, 2018 соналъул футболалъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталде къачIараб. Европаялъулазе бокьула цо-цо чи жанив чIолел номерал, рукъзал. ГIурусгун ингилис мацIалда щибаб тIагIелалда аскIоб хъван бугоан сундуе ва кин гьеб хIалтIизабулебали. Гьеб отелалда дандбитIун 2018 соналде бан лъугIизабун буго «Гъоркьияб Новгород» абун цIар лъураб, чIухIараб, ФИФАялъул тIалабазда данде ккелеб стадион. Гьенире роржун рачIунелъул сардилъ чиразъаз къалъизабун бихьулеб букIана гьеб.

Лъалеб букIахъе, Россиялда тарихалда жаниб тIоцебе тIобитIун буго 2018 сонада футболалъул рахъалъ дунялалъул къецал (мундиаль). Бакъбаккул Европаялдаго тIоцебесеб мундиаль букIун буго исана. Гьел къецал тIоритIана 14 июналдаса 15 июлалде щвезегIан Европаялъулги Азиялъулги рахъазда, Россиялъул гьеб кIиябго континенталда гъорлъе унел шагьаразда. Россиялъул 11 шагьаралъул 12 стадионалда рукIана хIаял. ФИФАялъ исанасеб чемпионат рикIкIана тарихалда жанибго бищун лъикIабиланги. Гьенир чемпионаллъун парангал рахъана. Россиялъул 11 шагьаралъе гIезегIан кверчIвай щвана, ЧМ хIалай ккун.

Цо-цо жамгIиял хIаракатчагIаз цебеккун суал борхулеб букIана, Дагъистаналдаги хIан лъикIила гьеб чемпионаталъул гIахьалчагIи. Дербенталда цIияб стадион базе кколилан хьвай-хьвагIаялцин рукIана. Амма Севериябъ Кавказалъул цониги шагьаралъе гьеб чемпионаталъул пайда бахинчIо. ГIицIго «нух къосарал» Мексикаялдаса футболалъул рахъкколел рещтIана нилъехъ.

Улкаялъул бакъулълъиялда гIатIидал ва щвалде щварал нухалги, спортивиял бакIалги, туризмалъул ва цоги рахъазул кIалгIабиги эхетун руго чемпионаталде. Кибали гIорхъада бугеб Кавказ щайилан тун батизеги бегьула. ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул суал гIиллалъун бачун батани, гьеб рахъ гьедигIан квеш бугилан абизеги захIмат буго.

### КIиабилеб къо. КIудияб Болдино – Пушкинил росу

Гьанже футболалдаса адабияталде, маданиталде, рукIа-рахъиналде ва цоги суалазде рачIинин. КIиабилеб ноябралда МахIачхъалаялдаса Гъоркьияб Новгородалде къатIире рахъарал Дагъистаналъул къалмилал, гьеб шагьаралда сордо бан, садал 09.00 сагIаталда сапаралде рахъана Александр Пушкинил КIудияб Болдино росулъе Фестивалалде ракIарарал Россиялъул 40-йидасаги цIикIкIун халкъазул вакилзабаз кIиго кIудияб автобус цIезабуна. 3-4 сагIат бана нухда. Гьеб областалъул югалъул гIорхъодегIан бугоан КIудияб Болдино. Автобусалъул гордухъан рихьулел рукIана гIатIидал авлахъал, хурзал, шагьарал, росаби, рохьал, махил гъутIби, накIкIил гъутIби…

Бищун кIудияб асар гьабуна цIулал минабаз. Лъалеб букIахъе, гIурус халкъалъул гьунар буго цIулал минаби разе, гьединал ригьзал ккола гьезул культураялъул ва тарихалъул кIвар цIикIкIарал гIаламатал, памятникал. Амма гIемерал цIулал минаби ругоан турулел, рехун тун, къулун, ракьалда щущан, гьетIун, кIичIун… Росабазул къисмат киса-кибего къо бахъанагIан захIмалъулеб буго. Амма, росу гьечIого, чи хIебтIуларо. Росдаца кваназабулеб буго дунял. Росабалъ хьихьула рукъалъул хIайванал, росабалъ рекъула хурзал, гIезарула нигIматал. Росаби гьечIони, инсанияб хвасарлъуларо. ХIажат буго пачалихалъ



росу цIунизе. Росу цIунани, цIунула мацIги, цIарги, гIадат-гIамалги, улкаги, тIолабго дунялги.

Берцинаб бакI бугоан КIудияб Болдино. Александр Пушкинил музей-заповедник буго гьениб. Гьеб буго 8,5 гектар бугеб, сверун къараб бакI. Пушкинил умумузул кIиазарго гьезде вухьарав (крепостной) векьарухъан вукIун вуго. Пушкинил кьибилалъул гIадамал налъукье ккедал, гьел рекьарухъабиги гъоркълъалие лъолел рукIун руго банказда, налъи тIубаялъе. Лев Толстояс гIемерал бигьалъаби гьаруна жиндирго рекьарухъабазе, рана школа ва азарханаби, цIализегун лъай босизе малъана. Гьедин гьабизе Пушкинида бажаризе букIинчIищилан кьураб суалалъе жаваб щвана, Россиялда рекьарухъабазе эркенлъи щвечIеб заман букIанин гьебилан. Лъалеб хIужа бугоха император Александр КIиабилес 1861 соналда тархъан гьари Россиялъул империялъул рекьарухъаби.

Пушкинил заповедникалда руго цIакъ гIажаибал минаби, рукъзал, тIагIалаби… ШагIирасул заманалдаго рукIарал рицIцIилгун миккил гъутIи руго гьенир. Гьес ургьарал гьесул асаразул багьадурзабазе, персонажазе гьарурал сипатал, памятникал, скульптураби руго.

ЦIакъ ракI гIодобе биччазабулеб, шигIруялъе ва хIайранал асаразе бижараб бакI бугоан КIудияб Болдино. КIиго хIорги буго гьениб, гьезда тIаде къулун, лъадал матIуялъуре гьалал гьурщарал гъутIбиги руго…

### Лъабабилеб къо. Адабияталъул байрам ва Мининилгун Пожарскиясул байданалда «ГIакаро» ансамбль

Фестивалалъул лъабабилеб къо ана Гъоркьияб Новгородалда. Россиялъул халкъазул литературабазул дандеруссинал, докладал, асарал цIали, тIахьал ричи, хъвадарухъабазулгун дандчIваял – гIемерал тадбираздалъун гьарзаяб къо букIана.

Россиялъул халкъал цолъиялъул къоялде Мининил ва Пожарскиясул байданалда гьабураб тадбиралда цере рахъана Хунзахъ мухъалъул «ГIакаро» ансамбль, Дагъистаналъул халкъияй артиста ГIайшат Тажудинова ва гь.ц.

Болдинодде нухда автобусалда жанив вукIаго, кагътиде гирарал гьал мухъалги кьолел руго гьаб сапаралъул очеркалъул ахиралда.

**Болдинодде нухда**

Болдинодде нухда
Хергун чIахI бижиларо.
БукIа щибаб халкъалъул
Хасаб кочIол Болдино!

БолмацI – авар Болдино,
МагIарул Бородино, –
РухIияб тахшагьарги
Ахир гьечIеб къеркьейги.

РекIеда куркьбал гъураб,
Пикрабазда рухI лъураб,
ХIикматал лахIзатазул
Гьанситойин Болдино.

Болдино – рекIел ахIи,
Росдал гьавадул цIилъи,
Панаяб хIухьелги – гьеб,
ХьахIал къункърабиги – гьеб…

Болдино – кочIол мегIер,
Пикрабазул авлахъ, зоб,
Эркенал асаразул
Сири балеб борхалъи.

**Росдал къисмат…**

Маргьабазулъ кинигин, гьетIун буго цIулал рукъ,
Къисматалъул гьир бакIлъун, гьод буго гьелъул къулун.
Къваридго кIичIун руго гордал – рукъ алъул берал,
Бецлъун руго гьел тIубан, магIу гIемераб тIеялъ.

…МагIарул росабазул къисмат бачIуна цебе –
ЧIунтарал, рехун тарал нус-нус цIудул бусаби.
Инсул рокъоб мичIчI бижи – божиялъе хилиплъи,
Хирияб ВатIан бичи – бищун кIудияб рогьо.

**НакIкIил гъутIбузул рукIкIби…**

Махил гъутIбуздаса тIамах гьенараб
КватIараб хаслихълъи – Болдино росулъ.
Меседил ретIелги тIутIун бортун ун,
ТолохIочал гъутIби руго соролел.
Хисуларел рукIкIби къватIирги хучун,
НакIкIил гъутIби руго гIурччинаб кьергун,
ГIужрукъил тIом гIадал гIаркьалабаца
ГIумру къеркьей бугин хьвагIулеб буго.

ГIизудинил ХIамзат

ЦАГЪУР

## Асият ГIумарахъаева: «ГIакIа къотIизе течIого, гIужда кьезе ккола налогал»

### ГIуцIабазул нухмалъулезда ва бухгалтеразда Россиялъул Налогалъул кодекс лъазе ккола

**Районазда гьоркьосеб налоговияб инспекциялъул № 12 Бакълъулазул районалда бугеб участокалъул нухмалъулей Асият ГIумарахъаевалъулгун, районалда налогал ракIариялъул рахъалъ бугеб хIалалда тIасан гара-чIвари гьабуна «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъ.**

**- Асият, тIоцебесеб иргаялда баркула дуда тIаде щолеб бугеб РФялъул налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо. Нужеда цебелъураб аслияб масъала щиб кколеб?**

- Налоговиял гIуцIабаз кIудияб хIалтIи гьабула бакIалъулаб самоуправлениялъул гIуцIабазгун, росабазул поселениязул бутIрузгун цадахъ. «Гумбет район» муниципалияб районалъул консолидированнияб бюджеталде налогал ракIари цебетIезаби мурадалда гIуцIун руго хIалтIулал группаби ва ведомствабазда гьоркьосел комиссиял. Налоговияб хъулухъалда ва бакIалъулаб самоуправлениялда цебе лъураб аслияб масъалалъун ккола налогал кьоларел гIуцIаби ва индивидуалиял предпринимателал тIатинари ва налоговияб учеталда лъей. Киналго бюджетазде гьединго бюджеталъул гурел фондазде жиндир заманалда ва битIараб къагIидаялда налогалги, налогал гурел платежалги кьезе тIадал организациял ва жалго гIадамаз кьеялда тIад гьарулел хIалтIабиги.

Налогал жиндир заманалда ва тIубараб къадаралда кьеялда бараб букIуна пачалихъалъул цебетIей. Щайгурелъул, бюджет жиндир заманалда ва букIине кколеб куцалда тIубачIони, пенсиял, пособиял, хIалтIухъ кьолеб мухь гIадамаз жиндир заманалда ва дагьаб къадаралда гурони щоларо. Гьединго пачалихъалъул рахъалдасан гIуцIабазе гьабулеб кумекги дагьаб гурони букIунаро.

**- Налогал ракIариялъул анцIго моцIил планал тIуранищ?**

- Араб соналъул анцIго моцIалде данде ккун гIадамаз жидее щвараб доходалдасан кьолеб налог (НДФЛ) гьаб соналъул гьебго заманалде цIикIкIана 8.812 азарго гъурущалъ, ай план тIубана 119 проценталъ. ГIуцIабаз жидерго доходалдасан кьолеб налог (налог на прибыль) цIикIкIана 24.793 азарго гъурущалъ, гIадамаз жидерго буголъиялдаса кьолеб налог 83 азарго гъурущалъ. Гьединго цIикIкIана гIуцIабазул жидерго буголъиялдаса бачIунеб налог 642 азарго гъурущалъ, ракьалъухъ кьолеб налог 75 азарго, даран гьабулел гIадамаз кьолеб налог 13 азарго, транспорталъухъ гIадамаз кьезе кколеб налог 1.532 азарго гъурущалъ.

Цебе пенсионнияб гIуцIиялъ хъаравулльи гьабулеб букIараб батани страховиял платежазул (пенсионный фонд, мед. страх. соц. страх) хасаб законалда рекъон кьуна налоговиял органазул халкквеялде. Цересел сонazде дандеккун гьел фондазде рачIунел платежал цIикIкIана. Масала, 2017 соналъул анцIго моцIалде дандеккун 27682 гъурущалъ цIикIкIана.

**- ХIалтIулъ гIунгутIабиги камун ратиларо?**

- Руго гIунгутIабиги. ГIемерисел гьел рарал рукIуна гIадамазда ва гIуцIабазул нухмалъулезда, хасго бухгалтерзабазда загIипго гурони налоговияб кодекс лъангутIиялдалъун. КигIан участокалъул хIалтIухъабаз абуниги, гьез лъазабулеб гьечIо налоговияб кодекс, налогазда хурхарал федералиял законал. Хъвалел гьечIо налогазда ва бухгалтериялъул учеталда хурхарал журналал, газетал. ГIей гьабулеб буго 1 С абураб бухгалтериялъул программаялда. Бокьилаан гьез гьеб суалалда тIадчIей гьабизе. Налогал бюджетазде ва бюджеталъулал гурел фондазде цIикIкIун ва жиндир заманалда рачIине гьаризеги гIакIаби, цоги финансовиял санкциябиги тIаде рачIинаричIого.

**- Ахиралда щиб дуца абилеб?**

- Дица ракI-ракIалъ баркула киналго налоговиял хIалтIухъабазда, налоговияб хъулухъалъул ветераназда тIаде щолеб бугеб РФялъул налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо. Гьарула гьезие сахлъи, рохел ва хIалтIулъ икъбал.

**Накъит гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ЩВА МУН МАГIАРУХЪЕ БОКЬАРАБ МЕХАЛЪ

## Сиял, кьоял, лъарал, музеял...

### Бакълъулазул районалде рачIана анлъго турфирмаялъул вакилзаби

**Бакълъулазул районалде рачIана Дагъистан Республикаялъул 6 туристазулаб фирмаялъул вакилзаби. Туристазул кьокьаялъул аслияб мурад букIана районалда туризм цебетIеялъе росабазул маршрутазул халгьаби.**



Гьалбадерида дандчIвай гьабуна муниципалитеталъул администрациялъул туризмалъул рахъалъ специалист Гебек Гебековас.

Районалъулгун лъай-хъвай байбихьана ЧIиркъатIасан. ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб миллияб музеялъул ЧIиркъатIа филиалалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас бицана музеялъул тарихалъул, рихьизаруна гьенир ругел экспонатал. Хадур щвана Лъанлъари росдада гIагарлъухъ бугеб Магьдилазул сиялде. Балагьана Сагъриб борхалъудасан ГIанди гIорул лъим чвахулеб бакIалъухъ ва цогидалги бакIазухъ.

Хадур щвана ЛъаратIа росулъе гьалбадерил рокъоре. Къалъудаса хадур гьалбал ана районалъул централде. ХIухьбахъиялъул къо богониги, хIалтIуда ватана ва туристазда дандчIвай гьабуна культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас.

Гьес бицана районалда туризм цебетIеялъул, хадубккунги гьеб рахъалъ гьабизе хIисабалде босаралъул. ГIумардибировас Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул централда бугеб музеялде экскурсиялъ рачана гьалбал.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Общероссийская акция «Сообщи, где торгуют смертью»

**12 по 23 ноября 2018 года во взаимодействии с заинтересованными министерствами, ведомствами и органами местного самоуправления, на территории Гумбетовского района, как и во всех регионах России, проводится Общероссийская акция «Сообщи, где торгуют смертью».**

Данная акция направлена на привлечение общественности к участию в противодействии незаконному обороту наркотиков, сбору и проверки информации, оказание квалифицированной помощи и консультации по вопросам лечения и реабилитации наркозависимых лиц.

Главная цель – уберечь подрастающее поколение от верной гибели. Ведь употребление наркотиков – это глобальная проблема нашего времени, которая затронула все человечество. Распространители данного «зелья» даже не задумываются о молодом поколении, какими они станут и какова будет их дальнейшая жизнь. Их главная цель - это прибыль. Молодые люди не понимают, что через несколько лет они будут погибать на глазах своих родителей и родных.

Жители нашего района могут анонимно сообщать об известных им фактах распространения, потребления и хранения наркотических средств.

Сообщения принимаются круглосуточно сотрудниками ОМВД РФ по Гумбетовскому району по мобильному тел. 8928 958 08 71 или раб. 26-204.

**Шамиль Мажидов, начальник ОМВД России по Гумбетовскому району, подполковник полиции**

НОЛЪ МАКЬИЛЪ БИХЬАНА...

## ЦIумазул азбука – аваразул мацI

### МагIарул кочIол гьасде ахIулел руго!

**ХIурматиял магIарулал! «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазул редколлегиязул гIахьалчагIаз нуж ахIулел руго исанасеб 2018 соналъул 27-абилеб ноябралда сагIат 18:00 тIубараб гIужалда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб магIарул театралде авар кочIол гьанситоялъухъе!**

Нилъер миллаталъул машгьурал гIадамалги ахIараб гьеб тадбиралъул мурад буго «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазул гьудулзаби цIикIкIин, гьезие подписка гьабиялъе квербакъи, нилъер халкъалъул мацIги, цIарги, рухIияб хазинаги, гIелаз гIелазухъе кьун, нахъе цIуни.




Гьеб дандеруссиналда гIахьаллъизе руго магIарулазул машгьурал хъвадарухъаби, шагIирзаби, кочIохъаби, спорталъул вакилзаби, жамгIиял хIаракатчагIи.

– Нилъ бараб ахIульги ахIараб болъги

БахIарчилъиялда хIалтIизе ккола,– абун хъвана ЦIадаса ХIамзатица.

Бокьилаан, нижер гьаб ахIи басра гьабичIого, нуж 27-абилеб ноябралда «ЦIумазул азбука – аваразул мацI» абураб магIарул мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги байрамалде рачIани!

**Адабгун, «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазул редколлегиязул гIахьалчагIи**

## Пожарная безопасность в отопительный сезон

**С наступлением холодов начинается активное использование населением электротехнических и теплогенерирующих устройств. Традиционно в этот период времени большая часть пожаров происходит по «электротехническим» причинам.**

Уважаемые жители! Перед началом отопительного сезона печи и другие отопительные приборы и системы должны быть проверены и отремонтированы. Неисправные печи к эксплуатации не допускаются.

Печи должны иметь установленные нормами противопожарные разделки (отступки) от горючих конструкций, а также предтопочный лист без прогаров и повреждений размером не менее 0,5×0,7 м. На чердаках все дымовые трубы и стены, в которых проходят дымовые каналы, должны быть побелены.

Очищать дымоходы и печи от сажи необходимо перед началом, а также в течение всего отопительного сезона не реже:

- одного раза в три месяца для отопительных печей;
- одного раза в два месяца для печей и очагов непрерывного действия;
- одного раза в месяц для кухонных плит и других печей непрерывной (долговременной) топки.

При эксплуатации печного отопления запрещается:

- оставлять без присмотра топящиеся печи, а также поручать надзор за ними малолетним детям;
- располагать топливо, другие горючие вещества и материалы на предтопочном листе;
- применять для розжига печей бензин, керосин, дизельное топливо и другие ЛВЖ и ГЖ;

**(Продолжение - на 4 стр.)**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

## Решение

**11.10.2018 г.** **№ 60** **с. Мехельта**

**О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район»**

**В целях приведения Устава муниципального района «Гумбетовский район» в соответствие с Федеральными законами от 29.07.2017 №279-ФЗ, от 30.10.2017 № 299-ФЗ, от 05.12.2017 № 380-ФЗ, от 05.12.2017 № 389-ФЗ, от 05.12.2017 № 392-ФЗ, от 29.12.2017 № 455-ФЗ, которыми внесены изменения в Федеральный закон от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»**

**На основании вышеизложенного, Собрание депутатов МР «Гумбетовский район» решает:**

Внести в Устав МР «Гумбетовский район» следующие изменения и дополнения:

Статья 1:

в части 1 в наименовании Закона Республики Дагестан от 13.01.2005г. №6 «О статусе и границах муниципальных образований Республики Дагестан» слова «и границах» исключить;

«Статья 7:

пункт 11 части 1 изложить в следующей редакции:

«11) создание условий для организации проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в порядке и на условиях, которые установлены федеральными законами, а также применение результатов независимой оценки качества условий оказания услуг организациями при оценке деятельности руководителей подведомственных организаций и осуществление контроля за принятием мер по устранению недостатков, выявленных по результатам независимой оценки качества условий оказания услуг организациями, в соответствии с федеральными законами;»

Статья 8:

а) пункт 7 части 1 изложить в следующей редакции:

«7) организация сбора статистических показателей, характеризующих состояние экономики и социальной сферы муниципального района, и предоставление указанных данных органам государственной власти в порядке, установленном Правительством Российской Федерации;»

б) дополнить часть 1 пунктом 7.1 следующего содержания:

«7.1) полномочиями в сфере стратегического планирования, предусмотренными Федеральным законом от 28 июня 2014 года № 172-ФЗ «О стратегическом планировании в Российской Федерации»;»

4) «Статью 16 изложить в новой редакции:

«Статья 16. Публичные слушания, общественные обсуждения.

Для обсуждения проектов муниципальных правовых актов по вопросам местного значения с участием жителей муниципального района Собранием депутатов, главой муниципального района могут проводиться публичные слушания.

Публичные слушания проводятся по инициативе населения, Собрания депутатов или главы муниципального района.

Публичные слушания, проводимые по инициативе населения или Собрания депутатов, назначаются Собранием депутатов, а по инициативе главы муниципального района – главой муниципального района.

На публичные слушания должны выноситься:

проект устава муниципального района, а также проект муниципального нормативного правового акта о внесении изменений и дополнений в данный устав, кроме случаев, когда в устав муниципального района вносятся изменения в форме точного воспроизведения положений Конституции Российской Федерации, федеральных законов, Конституции Республики Дагестан или законов Республики Дагестан в целях приведения данного устава в соответствие с этими нормативными правовыми актами;

проект местного бюджета и отчет о его исполнении;

проект стратегии социально-экономического развития муниципального района;

вопросы о преобразовании муниципального района, за исключением случаев, если в соответствии со статьей 13 Федерального закона от 06.10.2003 №131-ФЗ для преобразования муниципального района требуется получение согласия населения муниципального района, выраженного путем голосования либо на сходах граждан.

Порядок организации и проведения публичных слушаний по проектам и вопросам, указанным в части 3 настоящей статьи, определяется уставом муниципального района и нормативными правовыми актами Собрания депутатов и должен предусматривать заблаговременное оповещение жителей муниципального района о времени и месте проведения публичных слушаний, заблаговременное ознакомление с проектом муниципального правового акта, другие меры, обеспечивающие участие в публичных слушаниях жителей муниципального района, опубликование (обнародование) результатов публичных слушаний, включая мотивированное обоснование принятых решений.

По проектам генеральных планов, проектам правил землепользования и застройки, проектам планировки территории, проектам межевания территории, проектам правил благоустройства территорий, проектам, предусматривающим внесение изменений в один из указанных утвержденных документов, проектам решений о предоставлении разрешения на условно разрешенный вид использования земельного участка или объекта капитального строительства, проектам решений о предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объектов капитального строительства, вопросам изменения одного вида разрешенного использования земельных участков и объектов капитального строительства на другой вид такого использования при отсутствии утвержденных правил землепользования и застройки проводятся общественные обсуждения или публичные слушания, порядок организации и проведения которых определяется нормативным правовым актом Собрания депутатов с учетом положений законодательства о градостроительной деятельности.

Заключение по результатам публичных слушаний подлежит опубликованию (обнародованию).»

5) «Статья 25:

пункт «5» части 1 изложить в следующей редакции:

«5) утверждение стратегии социально-экономического развития муниципального района;».

II. Главе муниципального района «Гумбетовский район» в порядке установленном Федеральным законом от 21.07.2005г. №97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований», представить настоящее Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан.

III. Главе муниципального района «Гумбетовский район» опубликовать Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» в течении семи дней со дня его поступления с Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан после его государственной регистрации.

IV. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования, произведенного после его государственной регистрации.

**Председатель Собрания депутатов**
**М. М. Ахмедов**
**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Х. С. Магомедов**

ЛЪАЗАБИ

Гьаб соналъул 19 ноябралдаса 15 декабралде щвезегIан СПКязул, ОООязул, КФХязул, жалго бетIергьанал магIишатазул гIибоцIи рикIкIине буго.

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отдел**

ЗИГАРА

**«Гумбет» басмаялъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул рахъалдасан кIудияб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул нухмалъулев, тарихиял гIелмабазул кандидат ШагIбан ХIапизовасда ва журналист Юсуп ХIапизовасда, инсуе Аллагьасул къадар щвеялда бан.**

**Аллагьас хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гIумруги кьеги. Амин.**

## Пожарная безопасность в отопительный сезон

**(Начало - на 3 стр.)**

- использовать вентиляционные и газовые каналы в качестве дымоходов;
- перекаливать печи.

Зола и шлак, выгребаемые из топок, должны быть пролиты водой и удалены в специально отведенное для них безопасное место. Установка металлических печей, не отвечающих требованиям пожарной безопасности, не допускается..

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

**Подписка - 2019**

**ХIурматиял районцоял! Байбихьун буго 2019 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета.

Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! Бокьилаан цIияб



соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2019 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

ХIурматиял подписчикал! Россиялда гIадатлъун лъугьун буго газетазул, журналазул подпискаялъул багьа цIикIкIинаби. Гьале иргадулаб нухалдаги 2019 соналъе районалъул «Гумбет» газеталъул подпискаялъул багьаги хиралъана. Районалъул газеталъул 45-абилеб номералда рахъарал багьаби хисун руго.

**Газеталъул багьа**
**ЛъагIалие:**
**Почалдасан – 489,12 гъ.**
**Редакциялдасан – 250 гъ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 244,56 гъ.**
**Редакциялдасан - 150 гъ.**

**«Гумбет» басмаялъул редакция**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.